



## ENSTRIKSYON PWOVIZWA POU SÈVIS ALIMANTÈ YO PANDAN IJANS SANTE PIBLIK POU COVID-19 LA

### Lè ou li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Nan dat 26 jen 2020

#### Objektif

Yo te kreye Enstriksyon Pwovizwa pou Sèvis Alimantè yo pandan Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la ("Enstriksyon Pwovizwa pou Sèvis Alimantè yo pou COVID-19") pou bay pwopriyetè/operatè biznis sèvis alimantè yo ak anplwaye yo ak antreprenè yo prekosyon yo ka pran pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19.

Enstriksyon sa a aplike pou tout restoran ak etablisman sèvis alimantè yo, gen ladan kamyon manje yo, ak lòt konsesyon alimantè yo. Nan rejyon ki nan Faz 1 an, oswa ki pa te atenn Faz 2, etablisman sa yo gendwa fonksyone sèlman nan pla anpòte ak livrezon. Nan rejyon ki te atenn Faz 2 yo, etablisman sa yo gendwa ouvri nan espas deyò avèk chèn pou kliyan yo (sa vle di espas sal amanje ak espas pou ba andedan yo pa kapab ouvri pou kliyan yo), depi kliyan yo kapab chita sou tab yo nan distans ki apwopriye. Pou enstriksyon anplis sou sèvis alimantè deyò ak pla anpòte/livrezon pou biznis yo ki sitiye nan rejyon ki nan Faz 1 ak 2 yo, tanpri konsilte "[Enstriksyon Pwovizwa pou Sèvis Alimantè Anplennè ak Pla Anpòte/Livrezon yo Pandan Ijans Sante Piblik pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Outdoor and Take-Out/Deliver Food Services During the COVID-19 Public Health Emergency) Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, DOH) la.

Nan rejyon ki te atenn Faz 3 yo, etablisman sa yo gendwa ouvri nan espas andedan ak deyò yo avèk chèn pou kliyan yo, dapre enstriksyon sa a, epi depi kliyan yo kapab chita sou tab yo nan distans ki apwopriye. Anplis de sa, restoran yo ki gen ba ak chèn yo kapab ouvri espas la, depi kliyan yo chita epi yo kapab nan distans ki apwopriye. Konsomasyon nenpòt manje ak/oswa bwason sou plas dwe fèt sèlman pandan kliyan yo chita sou tab yo oswa kontwa ba yo nan espas sa yo.

Enstriksyon sa yo se jis egzijans minimòm epi nenpòt anplwayè lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Enstriksyon sa yo baze sou pratik sante piblik ki plis popilè yo nan moman piblikasyon an, epi dokimantasyon yo baze enstriksyon sa yo sou li a ka chanje epi li chanje souvan. Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo ki gen rapò ak sèvis alimantè yo. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan nenpòt aktivite sèvis alimantè yo ak/oswa Plan Sekirite Sit la.

[Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi](#) (Centers of Disease Control and Prevention), [Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini](#) (U.S. Food and Drug Administration) an, ak [Sekirite Pwofesyonèl ak Administrasyon Sante, Depatman Travay Etazini](#) (United States Department of Labor's Occupational Safety and Health Administration) an pa okouran de okenn rapò ke COVID19 la ka transmèt nan manje. Se pou tèt sa a, yo prevwa ke konfòmite ak Kòd Sanitè NYS (NYS Sanitary Codes) la pou etablisman sèvis alimantè yo ansanm ak egzijans anplis yo idantifye nan kad enstriksyon sa yo ofri pwoteksyon sifizan kont COVID-19.

#### Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202, ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab redwi plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 16 mas 2020 an, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.3, ki limite tout konsomasyon manje ak bwason sou plas nan Etablisman pou manje ak bwè nan tout Eta a.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl nan biwo yo. Biznis esansyèl yo, jan enstriksyon Kòperasyon Devlopman Empire State (Empire State Development Corporation, ESD) defini li a, pat anba restriksyon an pèsòn lan, men yo te, sepandan, òdone yo konfòme yo ak enstriksyon ak direktiv pou kenbe yon anviwònman travay pwòp ak sekirize ke Depatman Sante (Department of Health, DOH) te pibliye a, epi yo te ankouranje yo anpil pou kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi sa posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.16, ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manb ki nan piblik la pandan y'ap travay. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a.. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti pou figi oswa mask ki kouvri nen ak bouch li pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, ki otorize dirijan / pwopriyetè biznis ki gen otorite yo pou refize aksè pou moun ki pa respekte egzijans kouvèti vizaj oswa mask la.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch an plizyè faz pou re-ouvri endistri ak biznis yo nan New York nan faz ki baze sou yon analiz rejyonal ki baze sou done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te pèmèt pou analiz rejyonal la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki gen ladan nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tès dyagnostik yo, ak kapasite pou retrace kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 15 me 2020 nan divès rejyon New York, ki baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke dezyèm faz re-ouvèti a ta pral kòmanse nan pliyè rejyon New York. Nan dat 3 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yo ta pral otorize manje deyò nan restoran yo nan dezyèm faz re-ouvèti a, an akò ak enstriksyon Eta a te pibliye. Nan dat 11 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke twazyèm faz nan re-ouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen nan plizyè rejyon New York.

Anplis nòm sa yo, biznis yo dwe kontinye konfòme ak enstriksyon ak direktiv pou kenbe anviwònman travay yo pwòp ak sekirize ke DOH la te pibliye.

Tanpri note sa byen, kote konsèy ki nan dokiman sa a diferan de lòt konsèy dokiman Eta New York te pibliye yo, sa ki plis resan an dwe aplike.

### **Nòm pou Responsab Sèvis Alimantè yo nan Eta New York**

Pa gen okenn aktivite sèvis alimantè ki ka fèt san yo pa satisfè nòm minimòm Eta ki annapre yo, ansanm ak egzijans federal ki aplikab yo, gen ladan men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap (Americans with Disabilities Act, ADA) yo, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo, Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental

Protection Agency, EPA) la, ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) Deptaman Travay Etazini an.

Nòm Eta a yo ki genyen andedan enstriksyon sa a aplike ak sèvis alimantè ki nan aktivite pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske Eta a anile oswa modifiye yo. Operatè sit sèvis alimantè a, oswa yon lòt pati jan operatè a gendwa dezinye sa (yon fason oswa yon lòt, "Pati Responsab yo"), pral responsab pou respekte nòm sa yo.

Konsèy sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

## I. Moun

### A. Distans Fizik

- Nan kad enstriksyon sa a, yo defini "espas deyò" tankou yon espas anplennè ke yo dezinye pou konsomasyon manje/ak oswa bwason, ki gendwa yon kouvèti tanporè oswa fiks (pa egzanp pwela oswa twati) depi ke kouvèti sa a genyen omwen de kote ki ouvè pou lè ka sikile. Andedan espas sa yo, tout tab ki gen chèz yo dwe gen omwen sis pye ak nenpòt lòt tab, chèz, kliyan, oswa wout oswa koridò pou pyeton ; depi, sepandan, si yon ba oswa restoran ap chèche itilize espas piblik ki toupre (pa egzanp twotwa) yo an akò ak Dekrè Egzekitif 202.38 la, minisipalite lokal ki aplikab la, si li pèmèt izaj sa a, gendwa detèmine espas altènatif pou tab yo pa rapò ak wout oswa koridò pou pyeton yo sou baz yon konsiderasyon sou volim sikilasyon pyeton sou twotwa yo, disponibilite espas twotwa a, ak anpèchman konjesyon ki pa nesèsè, oswa altènativman, minisipalite yo gendwa egzije ba a oswa restoran an etabli yon baryè fizik nan omwen senk pye nan wotè si yo pa kapab kenbe sis pye distans ant tab yo ak yon wout oswa koridò pou pyeton.
- Pati resonsab yo dwe asire ke kapasite andedan yo limite ak pa plis pase 50% okipasyon maksimòm lan pou yon espas an patikilye jan sètifika pou okipasyon an endike sa, san anplwaye yo pa ladan.
  - Pati Responsab yo ta dwe asire ke yon distans omwen sis pye kenbe pami anplwaye yo tout tan, sof si aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout (pa egzanp, fè manje, netwaye, debarase tab yo, mentnans). Kèlkeswa distans fizik la, Pati Responsab yo dwe asire tout anplwaye yo pote yon kouvèti pou figi ki akseptab tout tan. Kliyan yo dwe pote tou kouvèti pou figi tou tout tan, sof pandan yo chita; depi, sepandan, ke kliyan an gen plis pase dezan epi li kapab medikalman tolere kouvèti sa a.
  - Kouvèti pou figi ki akseptab pou COVID-19 la yo se, men yo pa limite ak sa sèlman, kouvèti pou figi ki fèt ak twal ak mask ki kouvri ni bouch ak nen an.
  - Sepandan, kouvèti ki fèt ak twal, ki ka jete, oswa lòt kouvèti ki fèt lakay yo pa kouvèti pou figi ki akseptab pou aktivite nan espas travay ki egzije yon nivo pwoteksyon ki pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl akòz nati travay la. Pou aktivite sa yo, yo ta dwe kontinye itilize respiratè N95 oswa lòt ekipman pou pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) ke yo itilize anba nòm endistri aktyèl yo, menm jan sa defini an akò ak enstriksyon OSHA (OSHA guidelines).
- Pati Responsab yo dwe asire ke kapasite deyò yo limite ak kantite tab ke yo kapab ranje an tout sekirite ak yon fason ki apwopriye dekwa pou chak tab nan yon minimòm sis pye distans ak lòt yo.
- Pati Responsab yo dwe asire ke tab ki andedan ak deyò yo ki gen chèz pou kliyan yo separe ak yon minimòm sis pye nan tout direksyon. Kèlkeswa kote distans lan pa posib ant tab yo, Pati Responsab yo dwe mete baryè fizik ant tab sa yo. Baryè fizik yo dwe gen omwen senk pye nan wotè epi yo pa dwe bloke sòti pou ijans ak/oswa dife yo.

- Pati Responsab yo gendwa pèmèt kliyan yo chita nan espas ba ki andedan ak deyò yo, depi yon distans sis pye kapab kenbe ant pati yo (sa vle di, gwoup kliyan yo).
- Pati Responsab yo dwe asire ke pèsònèl espas ba yo kenbe yon distans omwen sis pye ant youn ak lòt ak/oswa kliyan yo, lè sa posib.
- Pati Responsab yo gendwa mete chita kantite moun ke yon sèl tab pèmèt, avèk yon maksimòm 10 moun pa tab.
  - Moun ki chita sou yon tab yo dwe manm menm pati a men yo gendwa soti nan diferan fanmi.
  - Yo otorize tab komen kote plizyè pati chita nan menm gwo tab la si yon distans omwen sis pye kapab kenbe ant pati yo.
- Pati Responsab ki ap ofri aksè pou twalèt bay kliyan yo dwe ankouraje distans sosyal andedan ak pandan yo ap rete tann twalèt yo.
- Pati Responsab yo gendwa modifiye itilizasyon ak/oswa diminye kantite pòs travay yo ak espas chèz anplwaye yo, dekwa pou anplwaye yo ka omwen ak sis pye distans nan tout direksyon (pa egzanp kòt-a-kòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa pataje espas san yo pa netwaye oswa dezenfekte sa ki fin itilize yo. Lè distans lan pa posib (pa egzanp pòs kòlèk yo, kès anrejistrez yo), Pati Responsab yo gendwa mete baryè fizik (pa egzanp mi pwoteksyon plastik yo) nan espas kote yo pa tap afekte sikilasyon lè a, chofaj, refwadisman, oswa vantilasyon) epi yo pa dwe bloke sòti pou ijans ak/oswa dife yo.
  - Si yo itilize, yo dwe mete baryè fizik yo an akò ak enstriksyon OSHA yo.
  - Opsyon pou baryè fizik yo gendwa gen ladan: rido an bann, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan yo, oswa lòt separatè oswa klwazon oswa separasyon enpèmeyab yo.
- Pati Responsab yo ta dwe entèdi itilizasyon ti espas yo (pa egzanp glasyè yo oswa chanm depo yo) pa plis pase yon moun alafwa, sof si tout anplwaye ki nan espas sa a an menm tan pote kouvèti pou figi ki akseptab. Sepandan, menm avèk kouvèti pou figi yo, okipasyon an pa dwe depase 50% kapasite maksimòm espas la, sof si li fèt pou li itilize pa yon sèl okipan. Pati Responsab yo ta dwe ogmante vantilasyon an ak lè ki soti deyò nan mezi ki pi wo posib (pa egzanp ouvri fenèt ak pòt kwizin yo), pandan yo ap kenbe pwotokòl sekirite yo..
- Pati Responsab yo ta dwe pran mezi pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon pandan yo ap itilize adezif oswa pano ak flèch nan ale ki jis yo, koulwa oswa espas yo, epi afiche siyalizasyon ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan yo ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (pa egzanp pòs pou kòmanse travay/fin travay, pòs depistaj sante yo, sal repo yo).
  - Pati Responsab yo dwe klèman sinyale espas sis pye a nan:
    - Nenpòt liy pou kliyan yo ki ap tann pou kòmande, pran manje, chita, oswa itilize twalèt la (pa egzanp nan itilize adezif oswa lòt mwayen ki efikas menm jan an); epi
    - Nenpòt pozisyon pou kòlèk oswa peman (pa egzanp kontwa, tab, kès).
- Pati Responsab yo dwe dezinye antre/sòti pou kliyan yo ak antre/sòti separe pou anplwaye yo, kote sa posib.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo tann nan machin yo nan yon distans sosyal ki apwopriye jiskaske manje a prepare pou yo pran li oswa yo prè pou yo mete yo chita.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo plase kòmman adistans anliy oswa pa telefòn.

- Kote sa posib, Pati Responsab yo ta dwe pèmèt kòmman, peman, livrezon, ak kòlèk san kontak ak/oswa reyalize kòlèk bò twotwa a.
  - Lè peman san kontak pa posib, Pati Responsab yo ta dwe redwi itilizasyon bous epi prezante resi papye sèlman.
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere pèmèt kliyan yo ki pral chita yo kòmande davans pou limite kantite tan yo pase nan etablisman an.
- Pati Responsab yo dwe afiche pano nan tout sit la, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ka devlope pwòp siyalizasyon pa yo ki espesyal pou espas travay yo a oswa anviwònman, depi siyalizasyon an an akò ak siyalizasyon Depatman an. Yo ta dwe itilizasyon siyalizasyon an pou raple anplwaye ak kliyan yo:
  - Kouvri nen ak bouch yo avèk yon kouvèti pou figi.
  - Estoke kòrèkteman ak, lè sa nesèsè, jete PPE yo.
  - Respekte enstriksyon distans sosyal fizik yo.
  - Rapòte sentòm oswa ekspozisyon COVID-19 la, epi kòman yo ka fè sa.
  - Swiv direktiv pou ijyèn men yo ak direktiv pou netwaye ak dezenfekte yo.
  - Swiv ijyèn pou respiratwa ki apwopriye ak pwotokòl pou touse.

## B. Rasanbleman nan espas fèmèn

- Antite ki Responsab yo dwe limite rasanbleman anplwaye an pèsòn yo (pa egzanp, reyinyon pèsònèl yo) nan mezi ki pi wo posib epi yo dwe itilize lòt metòd tankou videyo konferans oswa telekonferans lè sa posib, an akò ak enstriksyon CDC a nan "Enstriksyon Pwovizwa pou Biznis ak Anplwayè yo pou Panifye ak Reponn ak Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19)". Lè videyokonferans oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo ta dwe fè yon reyinyon ouvè, nan espas ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt (eg: si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè anplwaye yo chita nan chèz altène).
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere fèmèn espas ki pa esansyèl yo ak espas komen yo ki ankouraje rasanbleman oswa ke yo touche anpil (pa egzanp machin lavant otomatik yo, machin kage komen yo).
- Pati Responsab yo dwe mete an plas pratik distans sosyal ki apwopriye nan ti espas yo, tankou twalèt ak sal repo yo, epi yo ta dwe devlope siyalizasyon ak sistèm (pa egzanp: siyale lè yo okipe) pou limite okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo.
  - Responsab pati yo ki ap fè fonksyone kamyon manje yo ta dwe reyalize pratik sa yo nan mezi yo aplikab.
- Pati Responsab yo ta dwe repati orè pou anplwaye yo obsève distans sosyal la (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt rasanbleman (pa egzanp poz yo, repa yo, kòmansman/fen peryòd travay yo)

## C. Aktivite Espas Travay

- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak entèpèsònèl ak rasanbleman an, atravè metòd tankou:
  - Limite prezans an pèsòn ak sèlman pèsònèl ki nesèsè;

- ajiste èdtan yo nan espas travay la;
  - redwi mendèv ki sou plas yo pou respekte enstriksyon distans sosyal yo;
  - konsepsyon evolutif (pa egzanp ekip A/B, repati lè arive/depa yo);
  - priyorize tach yo ki pèmèt distans sosyal yo sou sila yo ki pa pèmèt sa;
  - evite plizyè manm pèsònèl ak/oswa ekip ki ap travay nan yon menm espas nan repati tach ki nan orè yo ak itilize pano pou endike espas ki okipe yo; ak/oswa
  - segmante ak regwoupe aktivite yo, kote sa posib, dekwa pou aktivite yo kapap respekte distans sosyal ak redwi kantite men ki ap touche ekipman yo an menm tan.
- Kote sa posib, Pati Responsab yo ta dwe dekouraje anplwaye ki ap prepare manje yo pou yo pa chanje oswa antre nan pòs travay lòt moun yo pandan chanjman peryòd travay yo, amwenske yo te netwaye yo ak/oswa dezenfekte yo yon fason apwopriye, jan sa nesèsè.
  - Pati Responsab yo ta dwe dezinye espas travay separe pou sèvi yo, kote sa posib. Sèvi yo ta dwe sèvi espas travay espesifik nan restoran yo pou redwi chevochman.
  - Pati Responsab yo ta dwe ankouraje rezèvasyon kliyan yo pou chèz yo, kote sa posib, pou redwi rasanbleman kliyan ki ap tann pou yo chita ak pou yo sèvi yo a.
    - Pati Responsab yo pa dwe bay kliyan yo aparèy (pa egzanp avètisè yo) pou bay alèt ke chèz oswa kòmman disponib, amwenske yo netwaye ak dezenfekte aparèy sa yo konplètman lè yo fin itilize.
      - Yo ankouraje Pati Responsab yo itilize anons odyo, mesaj tèks, oswa avi sou ekran yo pou kontinye kominike avèk kliyan ki ap tann yon kòmman oswa chèz yo.

#### D. Mouvman ak Kòmès

- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki dezinye pou kòlèk ak livrezon pou founisè yo, pandan yo ap limite kontak yo nan mezi sa posib.
- Pati Responsab yo ta dwe limite entèaksyon yo (pa egzanp dezinye yon sòti pou travayè yo ki ap kite peryòd travay yo a ak yon sòti separe pou travayè ki ap kòmansè peryòd travay yo a) ak mouvman yo (pa egzanp anplwaye yo ta dwe rete pi pre pòs travay yo a pi souvan jan sa posib).
- Pou founisè ki bezwen vini sou plas yo, Pati Responsab yo ta dwe asire yon pwosedi yon moun alafwa, kote sèlman yon founisè ap delivre yon pwodwi, anplwaye netwaye ak dezenfekte sifas yo touche anpil yo, epi pwochen founisè a kapab antre nan espas la.
- Kote sa posib, Pati Responsab yo ta dwe limite kantite antre yo dekwa pou (1) yo jere fliyidite sikilasyon nan batiman an ak (2) fasilite depistaj sante yo, jan sa preskri anba a pandan yo ap rete an akò ak sekirite pou dife ak lòt règleman ki aplikab yo.
- Devlope yon plan pou moun kenbe sis pye distans sosyal pandan yo nan liy andedan oswa deyò etablisman an pou depistaj, jan sa aplikab.

## II. ESPAS

### A. Espas Kwizin

- Avan yo retounen travay, Pati Resonsab yo dwe fè verifikasyon avan retou yo ak evalyasyon sistèm kwizin yo pou asire yon anviwònman sante ki an sekirite.
- Pati Responsab yo dwe asire pèsònèl kwizin yo pote kouvèti pou figi yo tout tan.
- Pati Responsab ta dwe rekonfigire kwizin yo pou kenbe sis pye distans, nan mezi sa posib.
  - Pati Resonsab yo ta dwe repati peryòd travay yo, si posib, pou fè travay (pa egzanp preparasyon manje) yo davans.
- Nan mezi sa posib, Pati Responsab yo ta dwe asire pèsònèl kwizin yo dedye ak yon pòs pandan peryòd travay yo a (pa egzanp salad oswa babekyou oswa desè yo).
- Kote sa aplikab, Pati Responsab ta dwe etabli makè nan pòs travay yo ak espas ki gen adezif sou planche a pou endike sis pye distans nan tout direksyon yo.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje pèsònèl kwizin yo plase atik yo sou kontwa pou pwochen moun lan ka pran yo olye de pase atik yo men nan men.
- Pati Responsab yo dwe redwi pataj ekipman kwizin yo ant pèsònèl yo (pa egzanp koute yo, chodyè yo, tòchon yo/sèvyèt yo), kote sa posib.

## B. Ekipman Pwoteksyon

- Anplis de PPE ki nesèsè jan yo egzije sa pou aktivite nan kèk espas travay yo, Pati Responsab yo dwe bay, fabrike, oswa otreman jwenn kouvèti pou figi ki akseptab epi bay anplwaye yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Pati Responsab yo ta dwe gen yon kantite kouvèti pou figi, mask ak lòt PPE rezonab alapòte pou si yon anplwaye ta bezwen ranplase oswa pou si yon founisè ta nan bezwen. Kouvèti pou figi ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijikal yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon figi yo.
- Kouvèti pou figi yo dwe pwòp oswa yo dwe ranplase yo apre yo fin itilize yo epi yo pa ka pataje yo. Tanpri konsilte [konsiy CDC](#) a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE), ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.
  - Note byen kouvèti pou figi an twal oswa mask ki ka jete yo pa dwe konsidere kòm kouvèti pou figi ki akseptab pou aktivite espas travay ki egzije yon pi wo degre pwoteksyon pou egzijans kouvèti pou figi. Pa egzanp, si yo egzije respiratè N95 yo tradisyonèlman pou aktivite sèvis alimantè espesifik ki vann an gwo yo, yon twal oswa yon mask ki fèt lakay pa ta ka sifi. Pati Responsab yo dwe respekte nòm OSHA yo pou ekipman sekirite konsa.
- Pati Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize pwòp kouvèti pou figi ki akseptab pa yo men yo pa ka egzije anplwaye yo bay pwòp kouvèti pou figi yo a. Anplis, enstriksyon sa a p ap anpeche anplwaye yo mete pwòp kouvèti pwoteksyon anplis pa yo (pa egzanp mask chirijikal yo, respiratè N95 yo, oswa pwoteksyon pou figi yo), oswa si Pati Responsab yo egzije otreman anplwaye yo mete plis pwoteksyon PPE akòz nati travay yo a. Anplwaye yo ta dwe respekte tout nòm aplikab OSHA yo.
- Pati Responsab yo dwe asire yo ke tout pèsònèl la pote kouvèti pou figi tout tan. Pati Responsab yo dwe asire pèsònèl la pratike ijyèn men ak itilize baryè pou men toutouni yo an akò ak Kòd Sante Lokal ak Etatik yo.
  - Si anplwaye yo pote gan pandan aktivite preparasyon ki pa pou manje yo, Pati Responsab yo dwe:

- Asire ke anplwaye yo ranplase gan yo souvan; epi
  - Ankouraje anplwaye yo chanje gan yo lè yo ap chanje tach yo (pa egzanp sèvi kliyan yo nan vlope ajantri yo davans).
- Si anplwaye yo pa pote gan, Pati Responsab yo dwe asire anplwaye yo lave ak/oswa dezenfekte ak alkòl men yo souvan.
  - Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo ki ap apwovizyone tab yo lave men yo avèk savon ak dlo epi, si yo pote gan, ranplase gan yo, avan ak apre yo netwaye ak dezenfekte tab yo.
- Pati Responsab yo dwe pèmèt kliyan antre nan etablisman an sèlman si yo pote yon kouvèti pou figi ki akseptab; depi, sepandan, ke kliyan an gen plis pase dezan epi li kapab tolere medikalman kouvèti sa a.
  - Pati Responsab yo ta dwe egzije kliyan yo pote kouvèti pou figi lè yo chita sou yon tab (pa egzanp lè yo ap tann pou pran, plase kòmman nan kontwa oswa fenèt, mache pou ale/sòti sou tab, mache pou ale/sòti nan twalèt).
  - Yon fwa yo chita, Pati Responsab yo ta dwe ankouraje, men pa egzije kliyan yo pote kouvèti pou figi lè yo pap manje ak/oswa bwè.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou limite pataj objè, tankou zouti kwizin yo, plim ak kanè yo, ansanm ak touche sifas moun pataje, tankou manch pòt yo, klavye yo, ak ekran taktil yo; oswa, egzije travayè yo pote gan (ki apwopriye pou komès oswa ki medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan yo; oswa, egzije travayè yo lave men yo avan ak apre kontak.
- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou fason pou byen mete, retire, netwaye (jan sa aplikab), ak jete PPE yo, gen ladan men sa pa limite ak, kouvèti pou figi ki apworiye yo.

## B. Ijyèn, Netwayaj, ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire respè egzijans ijyèn ak asenisman yo jan CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "Konsiy pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak postè "SISPANN PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD), jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe rejis netwayaj ki gen dat, lè, ak kantite netwayaj ak dezenfeksyon an.
- Pati Responsab yo dwe bay epi kenbe pòs ijyèn men yo nan espas la, konsa:
  - Pou lave men: savon, dlo potab cho, sèvyèt papyè ki ka jete yo, ak yon poubèl garaj ki gen kouvèti.
  - Pou dezenfekte: yon dezenfektan men abaz alkòl ki gen pou omwen 60% alkòl pou espas kote etablisman pou lave men yo gendwa pa disponib oswa pa pratik.
  - Pati Responsab yo ta dwe rann dezenfektan pou men abaz alkòl yo disponib nan espas yo touche anpil yo (pa egzanp deyò twalèt yo). Yo ta dwe plase li nan pozisyon ki konvenab, tankou antre yo, sòti yo, ak kès yo. Yo ta dwe enstale distribitè dezenfektan pou men abaz alkòl yo pa dwe touche yo kote sa posib.
  - Nan kasyon manje ak konsesyon kote Pati Responsab yo pa ka bay pòs dlo potab yo, anplwaye yo ta dwe pote gan oswa itilize regilyèman dezenfektan pou men abaz alkòl pou respekte egzijans ijyèn ak jesyon manje federal, etatik, ak lokal yo.



- Pati Responsab yo ta dwe plase siyalizasyon toupre pòs dezenfektan pou men abaz alkòl yo ki endike yon fason vizib ke yo dwe lave men sal yo avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men abaz alkòl pa efikas pou men ki sal yon fason vizib yo.
- Plase respinyan ozalantou sit la pou yo jete atik ki sal yo, gen ladan PPE yo.
- Pou pla anpòte/livrezon yo, Pati Responsab yo dwe:
  - Bay pòs ijyèn men pou kliyan ki ap tann manje ak/oswa bwason yo;
  - Asire ke pèsònèl la lave men ak savon ak dlo oswa itilize dezenfektan ki abaz alkòl, epi, si pèsònèl la itilize gan, ranplase yo regilyèman; epi
  - Asire ke, si kòlèk/livrezon nan yon espas ki andedan/fèmèn, fenèt yo ak/oswa pòt yo ouvri pou pèmèt vantilasyon.
- Pati Responsab yo dwe bay materyèl apwopriye pou netwaye ak dezenfekte yo apwopriye pou sifas moun pataje ak touche souvan yo epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa yo dapre enstriksyon fabrikan yo pou itilizasyon avan ak apre yo fin itilize sifas sa yo, apre sa yo dwe pratike ijyèn men.
- Pati Responsab yo dwe reyalize netwayaj ak dezenfeksyon regilye sit la epi netwayaj ak dezenfeksyon pi souvan pou espas ki gen gwo ris plizyè moun itilize ak pou espas moun touche souvan yo. Netwayaj ak dezenfeksyon dwe byen fèt epi yo dwe kontinye epi yo ta dwe fèt pou omwen chak peryòd travay, chak jou, oswa pi souvan jan sa nesèsè. Tanpri konsilte "[Konsiy Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou netwaye etablisman epi dezenfekte etablisman yo.
  - Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo regilye. Yo ta dwe netwaye ak dezenfekte twalèt yo pi souvan tou depan de kantite fwa yo itilize yo.
    - Pati Responsab yo dwe asire yo respekte règleman sou distans sosyal yo nan itilize siyalizasyon, makè pou endike okipe yo, oswa lòt metòd pou redwi kapasite twalèt yo kote sa posib.
    - Pati Responsab yo dwe asire ke yo netwaye ak dezenfekte ekipman ak zouti yo regilyèman nan itilize dezenfektan ki anrejistre yo, gen ladan omwen chak fwa anplwaye yo chanje pòs travay yo oswa deplase ale nan yon nouvo ansanm zouti. Sèvi avèk [lis pwodui](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.
  - Si pwodwi netwayaj oswa dezenfeksyon oswa dèske netwayaj ak dezenfeksyon an koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa ekipman, Pati Responsab yo dwe mete an plas pòs ijyèn men pou lè yo fin itilize yo ak/oswa bay gan ki ka jeteak/oswa limitasyon sou kantite anplwaye ki ap itilize ekipman sa yo.
  - Pati Responsab yo dwe bay mwayen pou netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspozè yo sizoka yo konfime yon moun genyen COVID-19, avèk netwayaj ak dezenfeksyon sa yo dwe gen ladan, ominimòm, tout espas transpò entansif yo ak sifas yo touche anpil yo (pa egzanp zouti, ekipman, machin, pòs travay, klavye, telefòn ki pataje yo).
- Enstriksyon CDC sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman \(Cleaning and Disinfecting Your Facility\)](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo sispèk oswa yo te konfime yon moun gen COVID-19 se jan sa ye anba a:
  - Fèmèn espas moun yo sispèk oswa yo konfime ki genyen COVID-19 la te itilize yo.
    - Yo bezwen fèmèn ak netwaye ak dezenfekte espas ki afekte yo.

- Si yo sispèk oswa yo konfime yon anplwaye kamyon manje genyen COVID-19, yo dwe fèmen kamyon manje a jiskaske yo netwaye ak dezenfekte li.
- Ouvri pòt ak fenèt ki bat sou deyò pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
- Tann 24 èdtan avan ou netwaye ak dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan ou kapab.
- Netwaye ak dezenfekte tout espas moun yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19 la te itilize, tankou biwo yo, twalèt yo, espas komen yo, ak ekipman ki pataje yo.
- Yon fwa yo fin netwaye ak dezenfekte yon fason apwopriye, yo ka re-ouvè li pou itilize.
  - Travayè san kontak sere oswa pwòch avèk moun lan ke yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la kapab retounen nan espas travay la imedyatman apre netwayaj ak dezenfeksyon an.
  - Konsilte "[Enstriksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive yo Retounen Travay Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa pwòch" yo.
- Si plis pase sèt jou pase depi moun yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19 la te vizite oswa te itilize etablisman an, netwayaj ak dezenfeksyon anplis pa nesesè, men netwayaj ak dezenfeksyon ki woutin yo ta dwe kontinye.
- Pati Responsab yo dwe entèdi anplwaye yo pataje manje ak bwason pami yo, ankouraje yo pote manje ki sot lakay yo, epi rezève espas ki apwopriye pou anplwaye yo obsève distans sosyal la pandan yo ap manje repa yo.
- Pati Responsab yo dwe asire ke tout kondiman yo bay dirèkteman ak kliyan yo se resipyan ki gen yon sèl itilizasyon oswa resipyan ki re-itilizab ke yo netwaye ak dezenfekte, ideyalman apre chak pati yo fin itilize.
- Pati Responsab yo ta dwe asire ke yo bay vizitè yo meni ki gen yon sèl itilizasyon, ki an papye, ki ka jete ak/oswa ke yo afiche meni yo sou tablo blan/tablo nwa/televizyon/pwojektè, kote sa posib. Si yo itilize meni ki ka jete yo, Pati Responsab yo dwe netwaye ak dezenfekte meni yo chak fwa yo fin itilize yo.
  - Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo gade meni yo anliy (pa egzanp sou pwòp telefòn entèlijan oswa aparèy elektwonik yo a).
- Pati Responsab yo dwe itilize ajantri ki deja nan pake yo oswa ajantri ki vlope davans. Yo dwe vlope ajantri yo davans pandan yo pote mask ak gan yo.
- Pati Responsab yo pa dwe ofri oswa otreman bay chalimo ak kidan ki pa vlope.

### C. Faz Re-ouvèti

- Nou ankouraje Pati Responsab yo a aktivite re-ouvèti pa faz yo pou ka pèmèt pwoblèm operasyonèl yo rezoud avan pwodiksyon oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal yo. Pati Responsab yo ta dwe konsidere limite kantite anplwaye yo, lè, ak kantite kliyan ki disponib pou sèvi lè premye re-ouvèti a pou ka bay aktivite yo kapasite pou ajiste ak chanjman an.

### D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime ke yo te revize epi konprann konsèy Eta a te pibliye sou endistri a, epi yo ap aplike yo.
- Pati Responsab yo ta dwe develope yon plan kominikasyon pou anplwaye, founisè, ak kliyan ki gen ladan enstriksyon, fòmasyon, siyalizasyon, ki aplikab ak yon mwayen ki konsistan pou bay anplwaye yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka kreye paj wèb, gwoup tèks ak imèl, ak media sosyal.

### III. PWOSESIS YO

#### A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe egzekite pratik depistaj sante obligatwa yo chak jou sou anplwaye yo a, epi kote sa aplikab, founisè yo, men yo pap òdone depistaj sa yo pou kliyan ak pèsònèl livrezon yo.
  - Yo gendwa egzekite pratik depistaj adistans (pa egzanp pa telefòn oswa sondaj elektwonik), avan anplwaye a prezante nan sit la, nan mezi sa posib; oswa yo gendwa reyalize yo sou plas.
  - Yo ta dwe kowòdone depistaj la pou anpeche anplwaye yo melanje nan kontak sere oswa pwòch youn lòt avan yo reyalize depistaj la.
  - Ominimòm, yo ta dwe egzije depistaj nan men tout anplwaye ak founisè ke yo ap konplete nan itilize yon kesyonè ki detèmine si wi oswa non anplwaye oswa founisè a:
    - (a) gen konesans li te antre an kontak sere oswa pwòch nan 14 jou pase yo ak nenpòt moun ki te teste pozitif pou COVID-19 oswa ki genyen oswa te genyen sentòm COVID-19 la;
    - (b) te teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo; ak/oswa
    - (c) te eksperimante sentòm COVID-19 la nan 14 jou pase yo.
- Pati Responsab yo pa ka òdone ke kliyan yo reyalize yon depistaj sante oswa bay enfòmasyon sou kontak yo men yo ka ankouraje kliyan yo fè sa. Pati Responsab yo ka bay yon kliyan yo yon mwayen pou bay enfòmasyon kontak pou mete yo nan jounal epi kontakte yo pou rechèch kontak, si sa nesèsè.
- Ale nan ensiy CDC a sou "[Sentòm Kowonaviris](#)" (Symptoms of Coronavirus) la pou enfòmasyon ki pi ajou sou sentòm ki asosye ak COVID-19 la.
- Pati Responsabyo ta dwe egzije anplwaye yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentòm, pandan oswa andeyò lè travay yo.
- Anplis de kesyonè sou depistaj la, yo gendwa reyalize verifikasyon tanperati chak jou yo dapre enstriksyon Komisyon sou Opòtinite Travay Egal Etazini (U.S. Equal Employment Opportunity Commission) oswa enstriksyon DOH yo. Yo entèdi Pati Responsab yo kenbe anrejistremant done sante anplwaye a (pa egzanp done tanperati).
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt pèsònèl ki ap reyalize aktivite depistaj, gen ladan verifikasyon tanperati yo, pwoteje yon fason ki apwopriye kont ekspozisyon ak travayè oswa founisè ki potansyèlman enfektye ki pa antre sou sit la. Responsab ki ap reyalize aktivite depistaj yo ta dwe fòme pa moun anplwayè a idantifye ki fanmiye ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA. yo
- Moun ki ap fè depistaj yo ta dwe gen eak itilize PPE, gen ladan ominimòm, yon mask pou figi, epi li ka gendan yon gan, yon gwo wòb, ak/oswa yon pwoteksyon pou figi.

- Yo pa ta dwe otorize yon anplwaye oswa yon founisè ki depiste pozitif pou sentòm COVID-19 yo gen aksè pou antre nan espas la epi yo ta dwe voye li lakay li ak enstriksyon pou li kontakte founisè swen sante li pou evalyasyon ak tès. Pati Responsab yo dwe avize imedyatman depatman sante etatik ak lokal la kote sit la sitiye a sou nenpòt ka pozitif. Pati Responsab yo ta dwe bay anplwaye a enfòmasyon sou swen sante ak resous pou tès yo.
- Pati Responsab yo dwe ale nan "[Ensiy pwovizwa pou anplwaye piblik ak prive k ap retounen travay apre enfeksyon oswa ekspezisyon a COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la konsènan pwotokòl ak politik pou anplwaye k ap chèche retounen travay apre yon ka COVID-19 yo te sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te nan kontak pre oswa kole ak yon moun ki gen COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe revize tout repons anplwaye ak founisè ke yo te kolekte nan pwosesis depistaj la chak jou epi kenbe yon dosye revizyon sa yo. Pati Responsab yo tou dwe idantifye yon kontak antanke pati pou anplwaye yo pou ka enfòm si pita yo vin gen sentòm ki gen rapò ak COVID-19 la, jan sa note nan kesyonè a.
- Pati Responsab yo dwe dezinye yon ekran pou sekirite sit la ke responsablite li yo gen ladan konfòmite kontini ak tout aspè plan sekirite sit la.
- Nan mezi sa posib, Pati Responsab yo ta dwe kenbe yon rejis sou chak moun, gen ladan travayè ak founisè yo, ki gendwa gen kontak sere ak pwòch ak lòt moun nan sit travay la oswa espas la; san nou pa mete kliyan ak livrezon ke yo reyalize avèk PPE ki apwopriye yo oswa pa mwayen san kontak yo. Dosye a ta dwe genyen enfòmasyon kontak la, dekwa pou yo ka idantifye, retrase epi alète tout kontak yo si yo ta dyagnostike yon anplwaye pozitif pou COVID-19. Pati Responsab yo dwe kolabore avèk Eta a ak efò pou retrase kontak depatman sante lokal la.
  - Pati Responsab yo pa ka òdone ke kliyan yo reyalize yon depistaj sante oswa bay enfòmasyon sou kontak yo men yo ka ankouraje kliyan yo fè sa.

## B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe avize depatman sante etatik ak lokal la imedyatman apre yo fin enfòm sou nenpòt rezilta tès pozitif COVID-19 pa yon travayè nan sit yo a.
- Pati Responsab yo dwe dezinye yon ekran pou sekirite sit la ke responsablite li yo gen ladan konfòmite kontini ak tout aspè plan sekirite sit la.
- Sizoka yon anplwaye, yon founisè, oswa yon kliyan ki te entèaji nan sit biznis lan teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore avèk depatman sante etatik ak lokal la pou retrase tout kontak yo nan espas travay la, epi yo dwe avize depatman sante kote sit la sitiye a sou tout anplwaye yo te anrejistre ak founisè/kliyan yo (jan sa aplikab) ki te antre nan pozisyon sèvis manje a depi 48 èdtan pase yo avan moun lan te premye eksperimante sentòm COVID-19 oswa te teste pozitif la, nenpòt sa ki vini avan an. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak regleman federal ak eta a yo egzije a.
- Depatman sante lokal yo gendwa, anba otorite legal yo a, reyalize restriksyon siveyans ak mouvman konsènan moun ki enfekte oswa expoze yo gen ladan ilzòlman lakay oswa karantèn.
- Moun ke yo alète ki te an kontak sere oswa pwòch ak yon moun ki gen COVID-19, epi ke yo te alète pa mwayen trasaj, swivi oswa lòt mekanis, yo egzije pou yo deklare tèt yo bay anplwayè yo a nan lè alèt la epi yo dwe swiv tout pwotokòl ke yo dekri epi ke yo fè referans anwo a.

## IV. PLAN ANPLWAYE

Pati Responsab yo dwe afiche byen klè plan sekirite yo nan sit la pou anplwaye yo. Eta mete a disponib yon modèl plan sekirite pou re-ouvèti biznis pou gide pwopriyetè biznis ak operatè yo nan devlope plan pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19 la.

### **Enfòmasyon sekirite anplis, konsèy, ak resous disponib sou:**

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la

<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19) <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl

<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

### **Anba lyen anba a, afime ou te li ak konprann obligasyon ou genyen pou ou travay dapre enstriksyon sa a:**

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>